МБУ «ВЕДЕНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА «КЕРЛА ДАХАР»

ЧЕТВЕРГ 30 МАРТА 2023 г. № 13 (6973)

# КЕРЛА дахар

www.kerla-dahar.ru • t.me/gazeta_kerla_dahar | ВЫХОДИТ С 1938 ГОДА СВОБОДНАЯ ЦЕНА

МЕХАЛЧУХ

## КОНСТИТУЦИ ТIЕЭЦНА 20 ШО КХАЧАРНА ЛЕРИНА ГУЛАМ

**Соьлжа-ГIаларчу»Колизей» спортхоллехь Нохчийн Республикин халкъийн гулам дIабаьхьира. Цигахь дакъалецира Нохчийн Республикин Мехк-Дас Кадыров Рамзана, Парламентан Председатела Даудов Мохьмада, Правительствон Председатела Хучиев Муслима, Россин Пачхьалкхан Думин депутата Делимханов Адама, ткъа иштта, Нохчийчоьнан законодательни а, кхочушдаран а Iедалийн векалша, Iилманчаша, журналисташа, йаздархоша, кхечара. Гуламехь дакъалоцуш верриге а виъ эзар сов стаг вара. Иза лерина бара Нохчийн Республикин Конституци тIеэцна 20 шо кхачарна.**



Гулам дIа а болош, Даудов Мохьмада иза вовшахтохаран а, дIабахьаран а маьIна довзийтира. «Тахана вай билгалйоккхуш йу Нохчийн Республикин а, йерриге а Россин Федерацин а керлачу историхь уггаре а мехалчарех цхьаъ хиллачу хиламан юбилей. 20 шо кхаьчна дерриге а халкъан референдум дIайаьхьна а, Нохчийн Республикин Конституци тIеэцна а. Вайн хьалхарчу Президента, Россин Турпалхочо Кадыров Ахьмад-Хьаьжас йаздина долчу Нохчийн Республикин коьртачу законехь билгалйаьхна принципаш дахарехь кхочушйеш хиларан теш ду вай. 2003-чу шеран бекарг беттан 23-чу дийнахь дерриге а халкъо паргIат, хазахетарца кхаж тасарца къобалбира Ахьмад-Хьаьжин некъ. Ткъа, цуьнан коьрта Iалашо йара тIом гуттаренна а дIабаккхар, кхин цкъа а Нохчийчохь бохам цахилийтар, маршонан некъ дIаболор. Ахьмад-Хьаьжин политикин похIма а, хьикмат а бахьана долуш меттахIоттийра Нохчийн Республикин пачхьалкхалла. Россин Федерацин субъектан йерриге а бакъонаш йолуш дIахIоьттира иза», – элира М.Даудовс.

Массара а цхьабарт болуш гуламан председатель хаьржира Нохчийн Республикин Мехк-Да Кадыров Рамзан. Цо дIадийшира Россин Президента В.Путина гуламан дакъалацархошка а даийтина декъалдаран кост. Иштта, гуламан дакъалацархошка декъалдарш дахкийтинера Россин Правительствон Председатела М.Мишустина, Пачхьалкхан Думин Председатела В.Володина, Федеральни Гуламан Председатела В.Матвиенкос, кхечара. Уьш довзийтинчул тIаьхьа дош делира Нохчийн Республикин Мехк-Дена Кадыров Рамзанна.

Референдум дIайахьаран мехаллех а, оцу референдумехь тIеэцначу Конституцис вайн халкъ машаран некъа тIе даккхарехь лелийначу доккхачу маьIнех дийцина ца Iаш, цо леррина тидам тIебахийтира тахана дуьненахь долчу хьолах лаьцна, Россина дуьхьал дIахьош болчу луьрачу къийсамах лаьцна дийцарна.

«Малхбузерчу СМИ-шна вуно дукха ахчанаш делла «Россин кхане йац, Нохчийчоь йоьхна дIайаьлла, иза йац. Рамзан цомгаш ву», – бохуш йаздайта. Моьттар ду сан дахар церан карахь ду, царна соьгара хьал хаа. Уьш а, кхидолу эладиттанаш а ду даржош. Иза церан болх бу. Росси йохон ницкъ кхочур бац цхьаьннан. Росси ядерни пачхьалкх йу. Вайн махкана дуьхьал санкцеш йина. Амма Президентан нийса политика бахьанехь экономика кхуьуш йу… Нагахь санна кхиарехьа вай эзар тIегIане хьала довла дезаш делахь, вай хIинца а хьалхарчу тIегIанехь бен дац. Иза ала лаьа суна вайн халкъе. Вайн кхин а баккхий кхиамаш а хир бу, вайн дахар ирсе а хир ду. АлхьамдулиллахI, сан могашалла дика а йу», - чIагIдира Р.Кадыровс.

Гуламехь иштта къамелаш дира: КъКФО-н Iеламнехан Кхеташонан Председатела Кадыров Хож-Ахьмада, Нохчийчоьнан Правительствон Председатела Хучиев Муслима, Россин Пачхьалкхан Думин депутата Делимханов Адама, республикин чоьхьарчу гIуллакхийн министра Алханов Руслана, муфтис Межиев Салах-Хьаьжас, Парламентан Председателан заместитела Жамалдаев Шаида, кхечара.

Гулам берзош, массеран а цхьабарт хуьлуш, делегаташа тIеийцира хьокъала йоллу резолюци.

**Д. ПАШАЕВ**

В РАЙОНЕ

## ИНСПЕКЦИЯ ПО СТРОЙОБЪЕКТАМ

**Глава администрации Веденского муниципального района Шарпуди Абдулазизов в своем Телеграм-канале разместил следующий пост:**

«Грамотная и эффективная политика Главы ЧР, Героя России Рамзана Ахматовича Кадырова позволяет нам постоянно повышать уровень благосостояния жителей как республики, так, в частности, и Веденского района.

Важное место в его созидательном курсе отведено строительству новых социальных объектов. Сегодня я провёл инспекцию по тем из них, которые возводятся на территории нашего муниципального образования.

Это учительский дом в райцентре - селе Ведено, здание администрации в с. Тевзана, а также Дом культуры и мини-футбольное поле в с. Дышне-Ведено. Ходом и качеством проводимых работ остался доволен. Дала тIаьхье беркате йойла!»

## «ИФТАР В ДОРОГЕ»

**В понедельник, 27 марта, сотрудники Администрации Веденского муниципального района организовали акцию по раздаче водителям и пассажирам воды и фиников для разговения.**



«Мы раздаем воду и финики как проходящим людям, так и проезжавшим водителям авто, постящимся в священный месяц Рамадан. Таким образом разговеться успеют те, кто во время магриба находится в дороге», - поделился с газетой «Керла дахар» начальник отдела гражданской и социально-правовой политики Ахмад Сидиев.

Подобные акции в благословенный месяц Рамадан в нашей республике стали доброй традицией.

Пусть Всевышний Аллах примет наши добрые деяния! Дала массеран а марханаш къобалдойла! Дала тIаьхье беркате йойла!

**А. ТАМАЕВ**

# ВРЕДНЫМ ПРИВЫЧКАМ - НЕТ!

## 27 МАРТА В РОССИИ СТАРТОВАЛА НЕДЕЛЯ ОТКАЗА ОТ ВРЕДНЫХ ПРИВЫЧЕК

**Жизнь человека состоит из привычек. Некоторые из них облегчают нашу жизнь, делают ее интереснее. От некоторых лучше избавиться.**



По данным статистики, практически 75% населения мира имеют вредные привычки. Курение и злоупотребление алкоголем - самые опасные из них. Они наносят ущерб не только человеку с зависимостями, но и членам его семьи. Для алкоголизма и никотиновой зависимости свойственны высокий риск хронического течения, рецидивирования и погрессирования. Курение наносит вред сердцу и кровообращению, увеличивает риск развития ишемической болезни сердца, инсульта, заболевания периферических сосудов. Увеличивается риск развития язвы, рака желудка, горла, гортани и пищевода.

Алкоголь воздействует на сердечно-сосудистую систему и ЦНС. Длительный прием этанолсодержащих напитков чреват значительными нарушениями психики. У лиц, страдающих алкогольной зависимостью, высока вероятность смерти в результате сердечной недостаточности, тяжелой аритмии, тромбоэмболии.

Каждый человек знает, что привычки бывают как полезные, так и вредные. Некоторые из них относительно безопасны для здоровья и жизни, а другие – прямой путь жить неполноценно и не очень долго.

Вредные привычки - это образ жизни, при котором человек осознанно наносит вред своему здоровью, занимаясь определёнными вещами, приносящими приятные ощущения.

Чаще всего, вредные привычки развиваются по причине неустойчивой психики либо длительных нервных расстройств или по причине каких-то глобальных изменений в привычной жизни.

Курение и злоупотребление алкоголем - самые распространенные из всех опасных вредных привычек, которые приносят огромнейший вред.

По данным официальной статистики, за годы действия государственной политики, направленной на защиту граждан от табачного дыма и последствий потребления табака, распространенность курения в стране неуклонно снижается, правда, за последние годы наблюдается замедление темпов снижения распространенности курения и прирост потребления иной никотинсодержащей продукции: вейпов, электронных сигарет, продуктов нагревания табака, кальянов и бездымного табака. Осведомленность населения о том, что эти продукты вызывают зависимость в силу содержания высокотоксичного никотина и другие заболевания, присущие табаку, остается низкой. Этому способствует агрессивный маркетинг этой продукции со стороны табачных компаний, нацеленный в первую очередь на подростков и молодежь. Никотинсодержащая продукция наносит такой же вред организму, как и табачные изделия, а мифы об их безвредности - лишь хорошо запланированная дезинформация табачной индустрии.

Проблема алкоголя чрезвычайно серьезна: более 200 заболеваний связано с его злоупотреблением, а вклад алкоголя в возникновение различных заболеваний варьирует от 5 до 75%. Алкоголь - это яд, который действует на все системы организма. Помимо того, что он убивает самого человека, но также ставит под угрозу безопасность окружающих. Так, алкоголь вызывает и нарушение координации движения, и нарушение контроля за поведением. Итог: несчастные случаи самого разного характера, при этом часто гибнут люди, ни разу не употреблявшие алкоголь.

Будьте осторожны с вредными привычками, зачастую они приводят к неблагоприятным последствиям, либо являются предвестниками серьезных заболеваний.

Как избавиться от вредных привычек:

Нужно отвлечься, ненадолго расслабиться и вспомнить какие действия в течение дня совершаются автоматически и без всякого контроля. Причём, они повторяются изо дня в день. Через некоторое время удастся вспомнить несколько из них. Это и будут привычки, которые необходимо взять под контроль.

Вопрос как отказаться от вредных привычек зависит от воли и характера человека. Кому-то требуется пара-тройка дней, а некоторым не хватит и полугода. Лучший вариант - каждый день в течение трёх недель заменять вредную привычку полезной. Например, вместо того, чтобы покурить, нужно выпить стакан воды и сделать 5 глубоких вдохов.

Когда начнётся дискомфорт от отсутствия вредной привычки, нужно набраться сил и не обращать на него внимания. Лучше всего научиться получать удовольствие от этого дискомфорта - ведь он говорит о том, что привычка уходит.

Никогда и ни при каких обстоятельствах нельзя делать себе поблажки.

Главное правило, при котором профилактика вредных привычек будет действовать - это соблюдение режима в 21 день или 3 недели. Если хоть один день будет вновь наполнен старой привычкой - весь отсчёт следует начать сначала. Но, как бы ни сложилась борьба, она того стоит.

Если верить психологам, обзавестись дурным навыком намного проще, чем хорошим. Если вторые появляются в нашей жизни благодаря труду и работе над собой, то причины возникновения вредных привычек - наши пороки и соблазны.

Меняйте свои вредные привычки на положительные, ведь они формируют основу здоровой жизни, улучшают физические, психологические и эмоциональные показатели. Отказываясь от вредных привычек, вы делаете выбор в пользу здоровья и долгих лет жизни!

**М. ШАМИЛЕВА,**
**зав. отделением медицинской профилактики Веденской ЦРБ**

ЙЕЗА ХАН

# Т1ЕКХЕЧИ СИЙЛАХЬ ШАХ1РУ РАМАДАН

*Муфтис Межиев Салахь-хьаьжас д1акхайкхорца массарна а хиира, 2023-чу шеран бекарг (март) беттан ткъе кхоалг1ачехь мархийн беттан хьалхара де хиларх лаьцна*

Хьоме махкахой!

Лераме бусалба вежарий, йижарий!

Аллах1-Дала, совг1ат дина, вайна белла мархийн бутт т1екхечи-кх вайна.

Т1екхечи-кх элчанан (1алайх1ис-солату вас-салам) умматана совг1атана белла болу шох1ру Рамадан.

Дала деллачу совг1атца декъалдо шу даггара!

Ийман, беркат дохьуш, маьрша беана хуьлийла х1ара беза бутт!

Веза а, сийлахь а волчу Дала беркате йойла-кх вайна х1ара сийлахь хан.

Ийман а, могушалла а, хьуьнар а тоьийла вайна кхуьнан сий дан, лерам бан. Беркат, машар, уьйр-марзо йохьуш беана хуьлийла х1ара.

Дуьззинчу шара чохь цхьайтта баттахь, дуьненан рицкъанах, дуьненан ирсах 1ехалуш, вай д1алелаш, цхьа бутт бен бац Аллах1-Дала, кхаба аьлла, фард бина, вайна т1ебиллинарг.

Темаш-цатемаш эцна йоьдучу вайн хьеречу заманахь, шел комаьрша а, доккха а совг1ат кхин хуьлийла доцуш, ни1мат ду х1ара. Хууш йа цахууш, даккхий йа кегий къинош а летош, дехачу вайна, йокъа х1оьттича, беркат дохьуш деана дог1а санна, т1ебоьссина Делера къинхетам бу.

Дала мукъа лахь, вовшашна къинт1ерадевлла, вовшийн дезарца, Аллах1ана вьаш дезаре сатуьйсуш, Аллах1ан г1оьнца кхобур бу вай х1ара беза мархийн бутт.

Вай кхоьллинчу Дала, ийман, собар, ницкъ, доьналла лойла вайна и кхаба, Делан дуьхьа вай йеш йолу 1амалаш совйохуш, буьйцучу оьздачу маттаца вовшашца лело хаза г1иллакхаш алсамдохуш, цомгуш долу вешан г1ийла йиша-ваша дагалоцуш, комаьршачу куьйгаца саг1а луш.

Элчано аьлла (Делера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна): «Теша а тешаш, йал хиларе са а туьйсуш, Рамадан бутт кхаьбначунна,

цул хьалха цуьнгара мел девллачу кегийчу къиношна гечдийр ма ду Дала».

Таравихь ламазан хьокъехь а аьлла вайн элчано (Делера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна): «Теша а тешаш, йал хиларе са а туьйсуш, Рамадан баттахь буьйсанаш ламазца денйинчунна, цул хьалха цуьнгара мел девллачу кегийчу къиношна Дала гечдийр ма ду».

Вай массо а до1анаш деш ду-кх, х1ара т1ебеана мархийн бутт кхаба доьналла лойла вайна Аллах1а бохуш.

Кху беттан бозалла лерарна, ницкъ кхочу бахьанаш лелорна, Йалсаманин деза хьеший дина, т1еоьцийла вай, Аллах1а Ша реза хиллачу тобанах дойла вай, Ийман сов долуш, Ислам ч1аг1луш, нийсачу новкъахь Аллах1 реза волу кхиамаш хуьлийла вайн.

Вай массо а вовшийн декъалдеш ду-кх х1инца! Аллах1а декъалдойла вай Лайлатуль-къодри-буьйса шена чохь йолчу безчу Рамадан баттаца.

Веза а, Сийлахь а, Къинхетаме а волчу Дала, хьастабелла шега кхайкхина болчу шен дикачу лайшна санна, къинхетам т1ебоссабойла вайна, вайн ц1ийнан о1злунна, Делан дикане сатуьйсучу массо а бусалбанашна. Ша хьалха 1алашбинарш санна, 1алашдойла вай! Беркат динчарна санна, беркат а дойла.

Вай сатуьйсуш мел долчу диканех диканиг лойла вайна Дала.

Вайн до1анашна жоп а делла, х1ара бутт кхабар бахьана долуш, декъала хир болчарах дойла вай Веза а, сийлахь а волчу Дала! Ша гечдинчарах дойла вай х1окху мархийн баттахь, Жоьжаг1атан ц1арах хьалхадаьхначарах дойла, къинхетам бинчарах, барам боцуш йал йеллачарах, до1анашна жоп деллачарах дойла вай.

Веза а, сийлахь а волчу Дала дойла вай х1ара мархийн бутт кхаба ма безза кхаьбначарах, лара ма-безза лийринчарах.

Веза а, сийлахь а волчу Дала къинхетам бинчарах бойла цхьацца бахьанашца мархийн беттан сийлалле а ца кхачалуш, Делан эхарта д1абирзина болу вайн дай. Вай денна йечу а, йийр йолчу а 1амалех бахьана а х1оттийна, Дала Ша гечдинчарах бойла уьш, жоьжаг1атан ц1арах хьалхбитинчарах бойла.

Дала ийман а, ницкъ а лойла вайна Шен дуьхьа къахьега!

**М. ЯРАЛИЕВ,**
**дешна стаг**

ЮБИЛЕЙ

# БЕРКАТЕ ЛАР ЙУЬТУШ СХЬАВОГIУ

**– Цхьана дийнахь телефон туьйхира соьга. Иза 2015-чу шарахь дара. Телефон тоьхначо, салам-маршалла а делла, хьаттира: «Хьо Сейлмуханов Муса вуй?» – аьлла. Доцца «Ву», – элира ас. «Тхо долчу ван аьтто хир барий хьан?» – хьаттира цо йуха а. «Хьо мила ву? Со стенна оьшу хьуна?», – ас а хьаттира. ТIаккха цо дийцира суна ша вайн республикин Культурин министерствера хиларх а, сан байта тIехь Исмаилов Ризавдис даьккхина «Безаман дитташ» илли Нохчийн Республикин Мехк-Дена Кадыров Рамзанна хазахетта хиларх а лаьцна, – эхь хетаран марханна йуккъехула, кест-кеста велааьшна а хуьлуш, дийца волавелира Муса ша вайн республикин Куьйгалхо волчу кхайкхарх лаьцна.**

Йиллинчу хенахь М. Сейлмуханов культурин министерстве вахара. Цигахь иза тIеийцира министра Дааев Хож-Баудис. Цо кхуьнан кхоллараллех, балхах, дахарх, Iалашонах лаьцна къамел дира поэтаца. Йуха хаийтира Кадыров Рамзанна шена дезаделлачу иллин автор вовза лууш хилар а, и волчу ваха везаш хилар а. «Лов» аьлла хийтира Мусана. Цунна дагахь доццург дара иза. «Ваха везахь гIур ву-кх. Амма цунна хьалха къамел дан охIла стаг-м вац со, цхьацца къоламаш хьекхахь а», – шен дагахь мадарра дIаэлира, шайтIалла доцчу Мусас.



...Веза хьаша вина, боккха сий-ларам беш тIеийцира поэт Нохчийчоьнан Мехк-Дас. Циггахь М.Сейлмухановна шен указаца «Халкъан йаздархо» сийлахь цIе а, совгIатана 1 миллион сом ахча а даларца шегара комаьршалла гайтира Кадыров Рамзана. Цул тIаьхьа исс шо даьллехь а, Мусана дагара ца долу Р.Кадыровца хилла шен цхьаьнакхетар а, цо шен боккха сий-ларам бар а.

Пхи шо хьалха, оханан баттахь Мусан 70 шо кхачар билгалдоккхучу юбилейни суьйренехь а хьахийра Нохчийчоьнан Куьйгалхочо М.Сейлмухановн бина йуьхькIам. Оцу суьйрене иза декъалван баьхкинера цуьнан доттагIий, цхьаьна дешнарш, поэташ, журналисташ, йукъараллин гIуллакххой, цуьнан кхолларалла йезаш берш. Суьйре дIахьош хиллачу цуьнан йуьртахочо, доттагIчо филологин Iилманийн доктора, профессора Гарсаев Вахас цигахь билгалдаьккхира:

– Муса а, со а школехь цхьаьна классехь дешна ву. Тхуна йукъахь тоьлларг вара хIара. Сурт а массарачул дика дуьллура хIокхо, литература а массарначул дика хаьара, йаздарехь а тоьлла вара хIара. Иза ларамза а дацара. Муса тIетаьIIина къахьоьгуш вара, жоьпалле вара. Ткъа оцо даима а кхиаме кхачаво. Цундела тахана тамашийна ца хета вайн юбиляр паччахьна а вевзаш, цо совгIаташ дина хилар. Иза хьакъ ву шена муьлхха а совгIат дан. Шен дахарехь беркате лар йуьтуш схьавогIуш ву иза...».

Иза бакъ а ду. Цунна тоьшалла дийр ду цкъа мукъане а цуьнца гIуллакх деанчо, Муса болх беш гинчо. Шен къинхьегаман некъ школехь дIаболийна цо. Иттаннаш шераш дIаделла вайн къона тIаьхье хьекъал, кхетам, ийман, гIиллакх долуш кхиорна. Школехь цуьнан хьехархо хиллачу филологин Iилманийн кандидата Индербиев Гиланис чIагIдеш ма-хиллара, къинхьегаман новкъа хIоттале дикка хьалха, 6-чу классехь доьшуш волуш, волавелла Муса байташ йазйан. Шо-шаре даларца, оцу говзаллехь кхуьуш, таханлерчу дийне схьа а веана поэт. Цо ша даре деш ма-хиллара, цуьнан кхолларалла кхиорна боккха тIеIаткъам бина нохчийн цхьаъ бен доцчу «Даймохк» газетехь болх баро. Суьртийн корреспондентан а, корреспондентан а, жоьпаллин секретаран а даржашкахь белхаш бина цо даима а нохчийн меттан пхьалгIа хилла лаьттинчу хIокху газетехь. Кхузахь тасаделира цуьнан Нохчийчохь а, цул арахьа а дика бевзаш болчу йаздархошца, журналисташца, артисташца, кхолларallин кхечу адамашца долу доттагIалла. Цаьргара дуккха а хIума Iемира. Цаьрца тасайеллачу уьйр-марзонаша дуккха а хIуманна «бIаьргаш схьабиллира».

Мусах лаьцна иштта дуьйцу поэта Исмаилов Абус: «30 шо сов хан йу суна иза вевза. Дуьххьара и гича, сайн гергара хийтира суна. Тайра цуьнан амал, догцIена хилар, ийна хилар. Мусан похIма гучудолу цо куьг дIаIоьттинчу хIуманна тIехь. Иза дешан пхьар а, сурт диллиран пхьар а, сурт даккхаран пхьар а ву. Цуьнан йоккха суьртийн архив йу, мел боккха а гайтам дIабахьа а мегар долуш.

Амма цуьнан уггаре а мехала хазна йу гIиллакх-оьздангалла, эхь-бехк, тешам...

Доцца делахь а, Мусан амал, хьежамаш гойтуш ду А.Исмаиловн къамел. Цхьа а хьаьрк харц дац. Цхьа а дош хаздина аьлла а дац – ша мадарра ду. Абун амалехь ма ду дерг ма-дарра дIаалар, и хаздан а, десто а ца гIерташ. Иза билггал иштта хилар чIагIдо Сейлмуханов Мусан «Иллешка дирзина дешнаш» книгина Исмаилов Абус йаздинчу «дешхьалхено» а. Цу тIехь Абус боху: «Сейлмуханов Мусас шен дерриге а дахар дIаделла хьанал а, беркате а къахьегарна. Цо байташ, дийцарш, туьйранаш йаздо, даккхий къамелаш ца деш, ша гайта а ца гIерташ. Шен байташкахь йешархошца доькъу шен хазахетарш, халахетарш, бовзуьйту шен сирла сатийсамаш. Цуьнан дош кхеташ а ду, нехан дегнашка дIакхочуш а ду. Цо балхабо шен Даймахке, нене, берашка, Iаламе болу аьхна безам, йемал во тIом кхайкхо, питана таса гIаьттинарг. Цундела уьш йеша а йоьшу, царна тIехь иллеш а доху». Оцу тоьшаллаша гойту А.Исмаиловна поэт, суртдиллархо М.Сейлмуханов дика веазаш хилар.

Тахана а, къоналлехь санна, жигара къахьоьгуш ву иза кхоллараллехь, дакъалоцуш ву йукъараллин гIуллакхашкахь. Шен махкана а, халкъана а муьтIахь хилар совгIат хеташ доккху цо шен дахаран хIора а де. Цундела иза кIад а ца ло, гIел а ца ло. Иштта хила а веза Нохчийчоьнан халкъан йаздархо.

**С. ХАСАНОВ**

# СЕЙЛМУХАНОВ МУСА – ПОЭТ, ЖУРНАЛИСТ, СУЬРТАШДАХКАРХО

**Нохчийн Республикин халкъан поэт, журналист, суьрташдахкархо, хьехархо, гочдархо Сейлмуханов Муса вина 1948-чу шеран бекарг беттан 25-чу дийнахь Казахстанерчу Павлодаран областан Баян-Аулан кIоштан №2 йолчу Аул йуьртахь. Школехь деша волавелла оццу йуьртахь. Делахь а, йуккъера школа чекхйаьккхина шен даймахкахь, Веданан кIоштарчу Элистанжа шен деца, ненаца цIавеанчул тIаьхьа.**

Йуккъера школа чекхйаьккхинчул тIаьхьа шен бIаьхаллин декхар кхочушдан эскарехь гIуллакх дан вахана. Цигара цIавирзича, шен хьаналчу къинхьегаман йуьхь дIайолийна Элистанжарчу йуккъерчу школехь туризман кружокан куьйгалхо волуш. ТIаьхьа йуьртарчу Культурин цIийнехь киномеханикан, суьрташдахкархочун белхаш бина.

М.Сейлмуханов байташ йазйан волавелла школехь доьшуш волчу хенахь. Цуьнан дуьххьарлера байташ гучуйевлла школин пенан газета тIехь. Ткъа зорбанехь Мусан байташ дIадаханчу бIешеран 80-чу шерийн йуьххьехь арайевлла. Цкъа хьалха уьш зорбатухура Веданан кIоштан «Колхозан дахар» газетан агIонашкахь, тIаьхьа - республикин «Ленинан некъ» газетан, «Орга», «СтелаIад» журналийн агIонашкахь.

1991-чу шарахь НохчГIалгIайн хьехархойн институтан индустриально-хьехархочун факультетан заочни отделени чекхйаьккхича, М.Сейлмуханов «Даймохк» газетан редакце суьртийн корреспондентан дарже балха кхойкху. Газетехь оцу даржехь болх бина ца Iаш корреспондентан а, жоьпаллин секретаран а белхаш бо цо. Оцу шерашкахь меттигерчу муьран изданешкахь арайуьйлу цуьнан статьяш а, корреспонденцеш а.

ТIеман луьра хан дIайаьлча, республика машаран некъа тIе хIоьттича Сейлмуханов Мусас Невран кIоштан «Теркан бакъдерг» («Терская правда») газетан редакцехь корреспондентан а, редакторан заместителан а белхаш бира. Карарчу хенахь иза Невран кIоштан берийнкегийрхойн туризман а, мохкталларан а туьшан методистан декхарш кхочушдеш ву.

Ша муьлххачу даржехь болх беш хиларх а Мусас тесна ца дитина шен дахаран коьрта гIуллакх – кхолларалла. Мелхо а, шо-шаре мел дели кхоллараллехь кхуьуш, шен похIмин керл-керла агIонаш схьайоьллуш схьавеана. Даймохк, мехкан исбаьхьа Iалам, ненан аьхналла, доттагIалла, адамийн вовшашка болу сий-ларам, къинхетам - цуьнан кхоллараллин коьрта теманаш йу.

Поэтан дукха йу берашна лерина йазйина байташ. Оцу байташкахь гучудолу цуьнан берашца долу гергарло, цаьрца йолу аьхна йукъаметтиг, церан догойла дика йовзар. Цундела берашна дукхайеза уьш. Цара хазахетарца йоьшу уьш школийн тайп-тайпанчу даздаршкахь. Уьш йеша а, кхета а атта йу.

М.Сейлмухановн ткъа сов байта тIехь иллеш а даьхна, эшарш а йаьхна. Уьш кест-кеста хаза тарло «Грозный», «Вайнах» радион каналехь. Оцу декъехь тахана а болх беш ву поэт. Цуьнца цхьаьна хаза сурт дилла хууш а ву иза. Суна хетарехь, къаьсттина дика нисло цуьнан портреташ дахкар.

ТIаьхьарчу шерашкахь боккха тидам тIебохуьйту цо оьрсийн маттера нохчийн матте гочдарш дарна. Цо нохчийн матте даьхна К.Паустовскийн, Г.Драгунскийн, Н.Носовн, кхечу йаздархойн дийцарш. Царах цхьадерш йукъадахана берашна лерина арахецначу книгашна.

ХIокху деношкахь 75 шо кхаьчна Сейлмуханов Мусан. Винчу денца даггара декъал а веш, тхуна лаьа дахарехь а, кхоллараллехь а цуьнан бIаьрла кхиамаш хуьлийла, доьзалехь ирс, беркат лаьттийла, дуккха а шерашкахь могаш-маьрша вехийла. Кхоллараллин суй серлабуьйлуш догIийла хIора а де.

**С. ЦАДАЕВ**

ПРОФИЛАКТИКА

# О ПОЖАРНОЙ БЕЗОПАСНОСТИ




Наступает время теплой сухой погоды. Как показывает практика прошлых лет, в это время резко увеличивается количество пожаров, связанных с возгоранием сухой травы, мусора на улицах городов, в сельских населенных пунктах, в лесных, парковых зонах, на сельхозугодиях, на приусадебных участках.

Значительная часть пожаров происходит из-за неконтролируемых сельхозпалов (сжигания прошлогодней травы и соломы), леса пылают и из-за небрежного обращения с огнем рыбаков и охотников. Связано это и с уборкой садовых участков (и, как следствие, сжиганием мусора и травы) и массовым выездом населения на природу (разведение костров, неосторожность при курении и т.п.).

Нередко это приводит к тяжелым последствиям. Огонь перекидывается на лесные массивы, хозяйственные постройки, жилые и нежилые строения. Вспыхнувшая как порох трава порывом ветра в доли секунды заносится на деревянную постройку, и она тут же загорается. Кроме того, с пожарами в атмосферу выбрасывается огромное количество дыма, содержащего такие опасные загрязнители, как углекислый газ, угарный газ, окись азота. От задымления страдают жители, как городов, так и сельских населенных пунктов. Кроме того, на тушение подобных пожаров тратятся огромные денежные средства.

Так кто же виноват в возникновении этих пожаров? В ряде таких пожаров виноваты курильщики. Незатушенная спичка или окурок, брошенные в сухую траву, в считанные секунды превращаются в «горящий ковер». Много хлопот работникам противопожарной службы в этот период доставляют детские шалости с огнем. Дети не понимают, сколько бед и несчастий может принести травяной пожар. А ведь площади таких возгораний могут достигать десятков тысяч квадратных метров. А если на пути огня встанет забор, сарай или даже дом, то пострадают и они.

В связи с этим, сотрудники Территориального отдела надзорной деятельности и профилактической работы по Веденскому муниципальному району Управления надзорной деятельности и профилактической работы Главного управления МЧС России по Чеченской Республике призывают вас быть особо внимательными и осторожными в весенне-летний пожароопасный период.

Курильщикам не следует бросать окурки и спички на землю, ведь для этого есть специально оборудованные урны. Необходимо следить за тем, чем заняты дети, пресекать любые шалости несовершеннолетних с огнем. На территории частного жилого сектора, дачных садоводческих поселков на случай пожара необходимо иметь запасы воды для целей пожаротушения, а также определить порядок и способы вызова пожарной охраны.

В условиях жаркой, сухой погоды в частном секторе, на предприятиях, в дачных поселках проведение пожароопасных работ, топку печей, кухонных очагов и котельных установок, работающих на твердом топливе, следует временно приостанавливать до улучшения обстановки. Необходимо в данный период соблюдать меры пожарной безопасности и при посещении природных территорий. Все сельские населенные пункты должны иметь средства звуковой сигнализации для оповещения людей на случай пожара и иметь запасы воды для целей пожаротушения, а также должен быть определен порядок вызова пожарной охраны. Рекомендуется у каждого жилого строения устанавливать емкость (бочку) с водой или иметь огнетушитель.

В летний период в условиях устойчивой сухой, жаркой и ветреной погоды по решению органов исполнительной власти и местного самоуправления разведение костров, проведение пожароопасных работ на определенных участках, топка печей и т.д. может временно приостанавливаться. В этот период необходимо организовывать патрулирование населенных пунктов силами местного населения и членов добровольных пожарных формирований, имеющих первичные средства пожаротушения. Также необходимо подготовить имеющуюся водовозную и землеройную технику, провести соответствующую разъяснительную работу с населением о мерах пожарной безопасности и действиях в случае возникновения пожара. В помощь членам ДПД организовывать дежурство граждан и работников предприятий, расположенных в населенном пункте. Населенные пункты и отдельно расположенные объекты должны быть обеспечены исправной телефонной или радиосвязью для сообщения о пожаре в пожарную охрану.

Не забывайте о том, что за нарушение Правил пожарной безопасности законодательством Российской Федерации предусмотрена административная, а так же и уголовная ответственность.

Сотрудники отдела надзорной деятельности и профилактической работы по Веденскому муниципальному району надеются, что совместными усилиями всех заинтересованных служб и ведомств, а также населения, в этом году удастся не допустить чрезвычайных ситуаций в весенне-летний пожароопасный период.

**Р. СИДИЕВ,**
**зам. начальника отдела НД и ПР по Веденскому району**

# ИЗВЕЩЕНИЕ

Администрация Веденского муниципального района, руководствуясь ст. 39.18 Земельного кодекса РФ от 25.10.2001г. № 136-ФЗ, на основании распоряжения от 29.03.2023 г. №163 извещает о возможности предоставления на праве аренды следующих земельных участков для индивидуального жилищного строительства:

| № | Адрес земельного участка | Категория земель | Вид разрешенного использования | Площадь | Кадастровый квартал |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 | ЧР, Веденский р-н, с. Тевзана, ул. В. С. Исраилова, д.10 | Земли населенных пунктов | Индивидуальное жилищное строительство | 1250 | 20:02:2001004 |
| 2 | ЧР, Веденский р-н, с. Тевзана, ул. Э. Махмудова, д. 91 | Земли населенных пунктов | Индивидуальное жилищное строительство | 1500 | 20:02:2001004 |
| 3 | ЧР, Веденский р-н, с. Тевзана, ул. Манцаева, д.1 | Земли населенных пунктов | Индивидуальное жилищное строительство | 1400 | 20:02:2001004 |
| 4 | ЧР, Веденский р-н, с. Тевзана, ул. Э. Махмудова, д.100 | Земли населенных пунктов | Индивидуальное жилищное строительство | 1450 | 20:02:2001004 |
| 5 | ЧР, Веденский р-н, с. Тевзана, ул. Х. М. Метаева, д.82 | Земли населенных пунктов | Индивидуальное жилищное строительство | 1650 | 20:02:2001004 |
| 6 | ЧР, Веденский р-н, с. Хаттуни, ул. Кадырова, д. 90 | Земли населенных пунктов | Индивидуальное жилищное строительство | 1500 | 20:02:1801007 |
| 7 | ЧР, Веденский р-н, с. Дышне-Ведено | Земли населенных пунктов | Индивидуальное жилищное строительство | 1000 | 20:02:6202000:380 |
| 8 | ЧР, Веденский р-н, с. Махкеты, ул. М. С. Ташухаджиева, д. 162 а | Земли населенных пунктов | Индивидуальное жилищное строительство | 1000 | 20:02:2801002 |

Граждане, заинтересованные в предоставлении данных земельных участков, в течение тридцати дней со дня опубликования и размещения настоящего извещения, могут подавать письменные заявления в имущественно-строительный отдел и ЖКХ администрации Веденского муниципального района с 10.00 ч. до 17.00ч., кроме субботы и воскресенья.

# В ПОМОЩЬ МЕДИКАМ - САНАВИАЦИЯ

## В ЧР ЗАРАБОТАЛ НОВЫЙ БОРТ САНИТАРНОЙ АВИАЦИИ

**Он будет осуществлять авиационные перевозки тяжелобольных из отдаленных и труднодоступных местностей в медорганизации Грозного. Об этом сообщил министр здравоохранения ЧР Сулейман Лорсанов.**

В этом году уже совершён первый вылет санавиации в Наурский район, откуда больного транспортировали в медицинское учреждение Грозного. Всего на 2023 год запланировано 129 вылетов санитарной авиации.

«Санавиация функционирует в регионе на базе Республиканского центра медицины катастроф им. А.А. Кадырова с 2020 года. В первый же год с помощью медицинского вертолёта было эвакуировано 125 человек, перевыполнив план на 31,58%. За всё время работы санавиации в медицинские учреждения ЧР и других регионов транспортировано около 500 больных, нуждающихся в экстренной и неотложной медицинской помощи», - рассказал С. Лорсанов.

Кроме того, в 2022 году было начато строительство 5 вертолётных площадок в Ачхой-Мартановском, Надтеречном, Ножай-Юртовском, Шелковском и Шатойском районах. Новые площадки позволят улучшить доступность оказания экстренной медицинской помощи и оперативность эвакуации пациентов из районных больниц, где отсутствуют условия для оказания специализированной и высокотехнологичной медицинской помощи.

**ИА "Грозный-информ"**

МБУ «ВЕДЕНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА «КЕРЛА ДАХАР»
КЕРЛА дахар
Главный редактор
А.Ш. Радуев

12+
Тел.: 8 (938) 021-51-70
Сайт: www.kerla-dahar.ru
E-mail: kerla_dahar@mail.ru

Учредитель:
Администрация Веденского муниципального района Чеченской Республики.
Адрес учредителя/издателя: 366337, Чеченская Республика, Веденский район, с. Ведено, переулок А.-Х. Кадырова, д. 5

Адрес редакции:
366337, Чеченская Республика, Веденский район, с. Ведено, ул. М. Ушаева, д. 2.

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Чеченской Республике. Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 20-00057 от 05.08.2011 г.

Отпечатана в АО ИПК «Грозненский рабочий», 364021, г. Грозный, ул. Интернациональная, 12/35.
Подписано в печать:
по графику - 30. 03. 23 г., в 10.00
по факту - 30. 03. 23 г., в 10.00
Заказ № _______

Газета набрана и сверстана на компьютерной базе редакции газеты «Керла дахар».
Тираж 1000 экз.